



Pou Piblikasyon Imedya: 09/21/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON EGZEKITIF POU REDWI OBSTAK POU NOUYÒKÈ YO KI GEN KONDANASYON KRIMINÈL

*Gouvènè a aksepte epi adopte rekòmandasyon nan men Konsèy pou reyentegrasyon Kominotè a kap amelyore aksè pou travay, lojman, ak swen sante pou Nouyòkè yo ki gen istwa kriminel*

*Rekòmandasyon yo te adopte pou sipòte reyentegrasyon reyisi, redwi depandans asistans piblik epi diminye pousantaj residivis, ekonomize kontribyab yo plizyè milye dola epi ede Nouyòkè yo retounen sou pye yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 12 rekòmandasyon Konsèy la te fè sou Re-antre ak reyentegrasyon kominotè, sa ki pral retire obstak pou Nouyòkè ki gen kondanasyon kriminel yo lè yap eseye re-antre nan kominote yo, pral enplemanite antyèman pa administrasyon sa a. Rekòmandasyon yo adrese pwoblèm ki soti apati travay a lojman pou rive a swen sante, epi fè Eta New York vini yon lidè nan mouvman ki nan tout peyi a pou yon tranzisyon reyisi pou moun yo ki te pase tan yo nan prizon ak pou yo retounen nan sosyete a, sa kap ekonomize kontribyab yo lajan epi sipòte sekirite piblik.

“New York se yon eta opòtinite, kote moun ki soti toupatou ak tout sikonstans jwenn yon chans egal pou pouswiv objektif yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Travay Konsèy sa a ap ogmante kapasite sitwayen nou yo ki gen kondanasyon kriminel pou kontribye pozitivman a fanmi ansanm avèk kominote yo, sa ki kreye yon New York ki pi jis ak ekitab.”

Gouvènè Cuomo te kreye yon Konsèy sou re-antre ak reyentegrasyon kominotè a nan jiyè 2014 e li te ba yo responsabilite pou yo idantifye obstak ke moun ki te nan prizon yo te andire epi fè rekòmandasyon pou chanjman. An mwayèn, Eta New York libere plis pase 25,000 moun nan prizon chak ane e rechèch montre ke san règleman pou yon reyentegrasyon ki gen siksè, ap gen yon pousantaj ki pi elve pou re-kondanasyon. An mwayèn, New York depanse \$60,000 pou loje yon moun ki anprizone chak ane.

Jodia, Gouvènè Cuomo te aksepte toulè douz rekòmandasyon Konsèy la e li angaje pou aplikasyon konplè ak ranfòsman pa Eta. [Nouyòkè yo ki gen kondanasyon kriminel ak reprezantan yo ki sot nan sekirite ak defans kominotè yo](#) salye rekòmandasyon Konsèy la ansanm avèk aksyon Gouvènè a avèk antouzyas.

### **1. Adopte nouvo oryantasyon anti-diskriminasyon pou lojman New York-finance**

Nouvo direktiv yo pral entèdi diskriminasyon baze sou yon kondanasyon sèlman, e li egzije operatè yo pou fè evalyasyon endividyalize sou aplikan baze sou faktè yo tankou gravite ofans lan, peryòd tan ofans lan, laj aplikan nan moman krim lan ak prèv sou reyabilitasyon yon aplikan. Division of Homes and Community Renewal pral travay avèk ajans lokal yo pou asire respè total.

Anvan refòm sa a, yo te ka refize moun yo lojman baze sou sèl kondanasyon yo, san yo pat pran ankonsiderasyon reyabilitasyon oswa keseswa ke yo se yon danje aktyèl pou vwazen yo.

Gid la ap kouvri lojman piblik yo eta finance, asistans lwaye federal Seksyon 8 pa ajans yo nan eta, e lojman a bon mache te finance pa Ajans Finans Lojman.

### **2. Fikse direktiv inifòm kap evalye aplikan ki kalifye yo pou lisans okipasyonèl eta.**

Nouvo direktiv yo pral aplike pou aplikasyon pou lisans, enkli sila yo pou kwafè, anbilansye ak koutye imobilye yo pami lòt, avèk yon sipozisyon nan bi pou akòde yon lisans, sof si yon konsiderasyon endividyèl sou dosye kriminel yon aplikan anba stati anti-diskriminasyon nan New York ki reji lisans ak travay peze kont li. Anvan direktiv sa yo, te gen yon apwòch inegal pou revize aplikasyon yo pou lisans okipasyon pou diferan kalite lisans okipasyonèl.

### **3. Adopte “chans travay ekitab” pou ajans yo nan Eta New York.**

Aplikan yo pou pozisyon konpetitif avèk ajans yo nan Eta New York pap gen obligasyon pou diskite oswa divilge enfòmasyon sou kondanasyon anvan yo jiskaske e sof si ajans lan fè antrevi avèk kandida e li enterese pou anboche l. Sa a se paske anplwayè yo malerezman souvan pa egzamine yon aplikan a fon depi yo fin aprann ke moun nan te

gen yon kondanasyon kriminel. Kòm yon konsekans, anpil Nouyòkè ki kalifye jwenn refi sou opòtinite pou kontribye nan mache travay la enki nan sèvis eta.

#### **4. Amande 10 lisans ak règleman travay Eta New York.**

Nouvo règleman an ap redwi obstak pou moun ki gen kondanasyon kriminel pou travay nan okipasyon ki gen lisans. Yo te fè chanjman nan Depatman Sante, Eta, ak Konsèyasyon Anviwonman. Règleman anvansa te kreye obstak strik pou moun ki gen kondanasyon pase sa ki egzije pa lalwa. Avèk chanjman sa yo, moun ki te anprizone anvan yo gason ak fi yo ka jwenn lisans ki sijè a stati rijid ki te egziste anvan, e ki pa gen entèdiksyon absolè ki pa defini pa lalwa.

#### **5. Enkli ansyen prizonye kòm yon popilasyon sible pou sipò lojman.**

Moun ki sanzabri yo kap kite prizon ap kounye a youn nan popilasyon ki sible ki ka sèvi nan pwojè finansman pou sipòte lojman ki finanse pa Eta New York. Anpil moun ki gen bezwen spesyal kap kite prizon oswa enkaserasyon kounye a bezwen lojman avèk sèvis sou plas apre yo fin lage. Loje moun sa yo epi bay sèvis ta dwe kondwi a mwens arestasyon epi redwi itilizasyon sistèmabri a.

#### **6. Senplifye pwosesis aplikasyon an pou dokiman yo nan kreye yon sipozisyon pou reyabilitasyon**

Sètifika Egzansyon pou Andikap ak Sètifika Bon Kondwit yo se dokiman itil ki kreye yon sipozisyon reyabilitasyon pou moun ki kalifye yo. Nouvo, pwosesis ki pi aksesib pou jwenn dokiman sa yo ap anplas. Pwosesis pou aplike pou sètifika sa yo te istorikman lou ak lant.

#### **7. Bay yon chemen pou Jwenn pyès idantite nan Depatman Motè Veyikil pou moun kap soti nan prizon eta.**

Moun yo kap soti nan etablisman prizon eta pral gen otorizasyon pou jwenn fòm idantifikasyon enkli lisans chofè ak pèmi pou aprann kondwi, kote li elijib, si yo gen yon idantite prizon eta, bay papye, batistè orijinal ak kat sekirite sosyal. Chanjman sa reponn a reyalite aktyèl la ke tout moun bezwen yon kat idantite ki soti nan eta. Done anvan yo te montre ke sèlman 29 pousan moun ki soti nan etablisman prizon eta yo gen kalite idantite sa sis mwa apati yo te lage. Premye rapò ki soti nan nouvo pwosesis sa a endike ke 45 pousan moun kounye a gen idantite sa nan menm peryòd tan; yon ogmantasyon 50 pousan.

#### **8. Lanse yon efò pou chèche travay ki ede pa nouvo teknoloji ke Appli Corp bay**

Nouvo sistèm sa ki baze sou kyòs ap pèmèt moun kap chèche travay ki gen kondanasyon kriminel yo simonte pre-konsepsyon negatif lè yo prezante tèt yo sou videyo bay potansyèl anplwayè yo. San inovasyon sa yo, moun kap chèche travay yo

ka gen difikilte pou yo prezante tèt yo pou montre konpetan yo, ralanti pa aplikasyon fòmèl ak pwosesis biwokrasi.

**9. Bay moun ki nan prizon Eta yo kapasite pou ekonomize lajan pou yo itilize apre yo fin lage.**

Nouvo direktiv yo te entwodui epi anplas sa ki pral detounen mwens lajan ke yo voye bay moun yo ki soti bò kote sous eksteryè nan bi pou peye frè ot ke restitasyon. Anvan refòm sa a, 100 pousan lajan ki te vini pou moun ki nan prizon yo te soti nan men fanmi ak lòt sous deyò te ale pou peye amann, yo pat kite anyen pou moun yo ekonomize pou lè yo lage yo. Menm avèk nouvo direktiv sa yo, byenke, restitasyon rete premye ak obligasyon prensipal pou tout moun ki kondane e restitasyon ap peye anplèn.

**10. Kreye nouvo lojman ak kapasite tretman pou moun yo ki malad kap kite prizon eta.**

Kapasite a ap ogmante grasa solisitasyon Depatman Sante Mantal pou inite lojman sipò pou moun ki gen maladi mantal grav kap retounen nan Vil New York. Sipò lojman sa pral ede kenbe moun ki gen maladi mantal grav nan tretman ak deyò lari yo.

**11. Ogmante kantite moun kap kite prizon ki enskri nan pwoteksyon swen sante.**

Efò pou nouvo enskripsyon Medicaid pral fèt sou direksyon Depatman Sante ak Depatman Koresyon ak Sipèvizyon Kominotè. Preske 400 moun pa mwa te enskri jiska prezan. Pwoteksyon sa nesèsè paske moun kap kite prizon yo gen bezwen medikal elve, enkli tretman pou abi sibstans twoub ak maladi kwonik tankou dyabèt ak tansyon wo. San pwoteksyon medikal, sa ap riske koute tout New York plis akòz vizit nan saldjans yo.

**12. Pèmèt moun yo retounen lakay yo pou viv avèk konjwen ak patnè yo.**

Rekonèt ke retounen nan fanmi avèk pwòch yo se wout ki pi imen ak fasil pou redwi sanzabri epi ogmante stabilite apre yo fin lage, moun yo kounye a ap anmezi pou viv avèk konjwen ak patnè yo osi lontan ke yon detèminasyon endividyalize pa jwenn okenn endis ke patnè sa yo enplike nan vyolans domestik. Yon règleman administratif preyalab te rann li envolontèman difisil pou sèten moun viv avèk patnè ki pat gen istwa abi.

**Alphonso David, Konseye pou Gouvènè a, te deklare,** “Lè moun yo soti nan prizon oswa yo gen yon dosye kriminel, yo gen anpil obstak kap diminye chans yo anpil pou travay, viv avèk fanmi yo, epi rete ansante. Nan kreyasyon l, Konsèy sa te travay avèk dilijans ansanm avèk ajans yo nan eta non sèlman pou idantifye obstak ki pa nesèsè ke yo mete sou moun yo ki gen kondanasyon men pou redwi yo, konsistans avèk sekirite piblik la. Nan yon lane sèlman, Konsèy la te deja fè anpil pwogrè nan efò sa.”

**Prezidan Konsèy la Rossana Rosado te deklare,** “Nou te akonpli objektif nou ane sa a men travay nou lwen pou l fini. Pandan nap gade pou n adrese anpil nan obstak sistematik ke moun yo fè fas nan reyentegrasyon an, nou pap bliye wòl New York kòm yon lidè nan konbat enpak stigma devastatè pou sitwayen dezyèm klas yo ke anpil kon-sitwayen Nouyòkè yo ap fè fas, espesyalman gason koulè yo.”

Konsèy la ap kontinye devlope sou siksè premye ane a nan ankouraje yon laj varyete opòtinite edikasyon pou amelyore chans travay, adrese obstak nan swen sante, chèche redwi posibilite pou ekstòsyon nan ekspozisyon piblik sou dosye kriminèl epi kontinye chèche solisyon pou loje moun yo ki gen kondanasyon kriminèl ki konsistan avèk ekite ak sekirite piblik.

*Manm yo nan Konsèy sou Re-antre ak Reyentegrasyon liste anba nan lòd alfabetik:*

**Robert Burns,** Biwo Pwobasyon Konte Monroe, Chèf Ofisye Pwobasyon

**Alphonso David,** Konseye Gouvènè a

**Soffiyah Elijah,** Direktè Egzekitif Correctional Association of New York

**Elizabeth Gaynes,** Direktè Egzekitif Asosyasyon The Osborne Association

**Elizabeth Glazer,** Direktè Biwo Vil New York Jistis Kriminèl

**Ann Jacobs,** Direktè inisyativ pou re-entegre prizonye nan John Jay College

**Seymour James,** Legal Aid Society, Avoka an-Chaj nan Pratik Kriminèl

**Angela Jimenez,** Konseye Spesyal

**Rick Jones,** Direktè Egzekitif Neighborhood Defender Service of Harlem

**Max Kenner,** Fondatè ak Direktè Egzekitif, Bard Prison Initiative

**Mary Kornman,** Biwo Avoka Distri Konte Westchester, Chèf Biwo Stratejik Planifikasyon ak Kontwòl Krim

**Georgia Lerner,** Direktè Egzekitif, Women's Prison Association

**Glenn Martin,** Fondatè ak Prezidan Just Leadership USA

**George McDonald,** DOE Fund, Fondatè ak Prezidan

**Brenda McDuffie,** Prezidan ak PDG, Buffalo Llig Iben

**Julio Medina,** Fondatè, Direktè Egzekitif ak PDG Exodus Transitional Community

**JoAnne Page,** Prezidan ak PDG The Fortune Society

**Chauncey Parker,** Biwo Avoka Distri Manhattan, Asistan Egzekitif Avoka Distri pou Estrateji Prevansyon Krim

**Sean Pica,** Direktè Egzekitif, Hudson Link

**Rossana Rosado,** John Jay College of Jistis Kriminèl, Manm Konsèy Administrasyon (Prezidan)

**Jessica Roth,** Cardozo Law School, Pwofesè Adjwen ak Sant Nasyonal pou Askè a Jistis, Manm Konsèy

**Paul Samuels**, Direktè ak Prezidan Sant Aksyon Legal  
**Sam Schaeffer**, PDG/Direktè Egzekitif Sant pou Opòtinite Travay  
**Joanne Schlang**, Direktè Egzekitif Treatment Alternatives pou Kominote ki pi ansekirite  
**Danielle Sered**, Direktè Vera Institute of Justice, Jistis Komen  
**Anthony Thompson**, Pwofesè New York University School of Law  
**Chris Watler**, Direktè Pwojè Center for Court Innovation, Harlem Community Justice Center Project Director  
**Marsha Weissman**, Direktè Egzekitif Sant pou Kominote Altènatif

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418